



# WIC New Jersey Gid pou Bay Tibebe Manje



## Fason pou Bay Tibebe ki Gen ant 4 ak 5 Mwa Manje

Anvan tibebe a kòmanse fè dan, siye jansiv li avèk yon debabouyèt ki swa epi ki pwòp apre chak repa, espesyalman anvan li al kouche.

### Tibebe ki Tete



- Bay tibebe w la tete chak lè li montre siy ki di li grangou. Nitriman ki nan lèt ou a ap adapte ak bezwen tibebe w la pandan li ap grandi.
- Lè tibebe w la kòmanse fè dan, li gendwa bezwen tete pi souvan.

- Tibebe yo renmen gade ozalantou yo nan laj sa a. Eseye yon espas ki trankil oswa yon chanm ki fè nwa pou w bay tete si tibebe w la distrè.

**1 ons  
pa jou**

An jeneral, tibebe yo pran anviwon **1 ons pa jou** oswa **demi (1/2) liv pa semèn** pandan **sis (6) premye mwa** yo.

### Tibebe ki Pran Lèt nan Bwat

**4 a 6 ons  
chak  
3 a 4  
èdtan**

Tibebe w la bezwen anviwon **4 a 6 ons lèt nan bwat ki anrichi ak fè chak 3 a 4 èdtan**, ki se yon total **25 a 45 ons pa jou**.

Tibebe w la ka kòmanse tete selon yon orè. Olye ou konsantre ou sou kantite ki fiks, kite tibebe w la di w lè li pran ase.



Enstitisyon sa a se yon kote tout moun genyen menm chans.

